

WE ARE YOUR DOL



Department  
of Labor

## SALÈ MINIMÒM ETA NOUYÒK

### ANTANKE YON TRAVAYÈ, KONBYEN SALÈ MINIMÒM MWEN YE?

Soti 1/1/2024 rive 31/12/2024, salè minimòm debaz Eta Nouyòk la se:

- \$16.00 pou chak èdtan nan Vil Nouyòk
- \$16.00 pa èdtan nan Rejyon Long Island ak Westchester
- \$15.00 pa èdtan nan rès Eta Nouyòk

Salè Minimòm pou moun k ap travay nan restoran ki fè manje rapid\* yo se:

- \$16.00 pou chak èdtan nan tout Vil Nouyòk, Rejyon Long Island ak Westchester
- \$15.00 pa èdtan nan rès Eta Nouyòk

Anplwaye sektè prive nan eta a, tankou travayè domestik (nan pifò ka yo), dwe resevwa salè minimòm debaz la.

### SITIYASYON ESPESYAL

Montan montan debaz la ka chanje anba règ li te ye kòm "lòd salè" ki mete minimòm peye pou travay nan:

- Ospitalite a, sèvis batiman ak endistri agrikòl
- Tout lòt endistri ak okipasyon Manda pou salè yo fikse:
- Pri pou èdtan
- Pri lè siplemantè
- Kredi pou manje ak lojman, si konpayi a bay mwayen pou sa

Manda pou salè nan endistri otèl la fikse montan salè minimòm pa èdtan an pi ba si travayè yo toujou resevwa poubwa. Manda salè yo pibliye sou sit entènèt Depatman Travay la sou [www.labor.ny.gov/minimumwage](http://www.labor.ny.gov/minimumwage).

Lè travayè yo pran swen pwòp inifòm obligatwa yo, yo dwe peye yo yon kantite lajan ki plis pase salè minimòm.

Anplwaye ki yo peye sou kantite pyès yo fè yo dwe touche yon montan k ap fè yo rive omwen nan salè minimòm debaz la.

Yon semèn travay nòmal se 40 èdtan. Si anplwaye yo travay plis lè pase sa, lè sa a, konpayi a dwe peye yo 1 fwa ½ salè nòmal la.

### ANTANKE YON KONPAYI, KÒMAN MWEN KA RESPEKTE TOUT ASPÈ LWA SOU SALÈ MINIMÒM NAN?

- Depatman Travay la ede nan fè konpayi yo peye lajan yo pa t peye travayè ki travay pou salè minimòm yo. Konpayi ki pa respekte lwa salè minimòm nan ka gen pou l peye:
  - Salè yo pa t peye
  - Enterè
  - Lajan pou dedomajman
  - Amann

Epitou, yo ka gen akizasyon kriminèl sou do yo ak resevwa sanksyon. Amann pou vyolasyon yo ka rive jis nan 200 pousan antou montan salè yo pa peye yo. Yo ka oblige tou peye 16 pousan enterè sou salè ki poko peye yo.

Konpayi yo dwe mete yon afich Salè minimòm nan biznis la kote travayè yo ka wè l.

Konpayi ki gen kesyon oswa enkyetid sou obeyi Lwa sou Salè minimòm nan ka kontakte Depatman Travay nan **888-469-7365** pou èd, ant 8 am ak 5 pm, lendi jiska vandredi.

\* Yon travayè ki nan restoran ki prepare manje rapid se nenpòt moun ki travay oswa yo pèmèt pou travay, oswa pou, yon etablisman yo prepare manje rapid nan nenpòt konpayi kote travay moun sa yo gen ladan omwen youn nan sa yo: sèvis kliyan, kwit manje, manje oswa preparasyon bwason, livrezon, sekirite, pwovizyon materyèl oswa ekipman, netwayaj, oswa antretyen woutin.